



Pou Piblikasyon Imedya: 28/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE REKÒ NAN TRANSPÒ PASAJE AK OMNY NAN  
118YÈM ANIVÈSÈ METWO A**

*Metwo a te bat rekò semèn pandemi an avèk 3.879 milyon pasaje nan jedi 27  
oktòb*

*Metwo OMNY an te bat rekò semèn pandemi an avèk 1.476 milyon kat ki pase nan  
jedi 27 oktòb*

**[Gade done transpò pasaje chak jou](#)**

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) an te bat rekò transpò pasaje nan epòk pandemi an, yè jedi 27 oktòb avèk 3,879,400 pasaje, sa ki depase rekò anvan yo ke yo te etabli nan mèkredi 21 septanm. Anplis de sa, OMNY te bat yon gwo rekò nan kantite kat yo te pase nan metwo ki se 1.476 milyon dola - de rekò pou fèmèn Jounen Metwo a, yon jou selebrasyon MTA rekonèt pou onore premye vwayaj nan metwo Vil New York la nan 27 oktòb 1904.

Nan kòmansman semèn sa a, MTA [te anonse](#) agrandisman OMNY pou kliyan ki gen tarif redui yo, vin tounen premye gwo sistèm transpò piblik pou ofri tarif redui sou aparèy peman pèsònèl yo. Nan kat jou sèlman, plis pase 1,300 kliyan ki gen tarif redui te fè chanjman soti nan MetroCard pou pase nan OMNY, sa ki te fè total la vin prèske 2,800 kliyan avèk tarif redui ki itilize OMNY, ki gen ladan patisipan nan lansman dousman yo.

"Nan 118yèm anivèsè li, sistèm metwo a de retou epi li pi bon pase anvan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen kontan anpil pou m wè ogmantasyon kontinyèl nan kantite pasaje yo ak ogmantasyon nan sansibilizasyon sou OMNY. Nou espere kwasans sa a ap kontinye pandan sezon fèt la ap rapwoche, epi vizitè yo ak moun nan lokalite yo ap pwofite tout sa New York gen pou l ofri nan sèvi avèk fason ki pi abòdab ak ki pi bon pou vwayaje a - transpò piblik".

**Prezidan Transpò Komen Vil New York (New York City Transit) la, Richard Davey, te deklare,** "Jis mèkredi ki sot pase a, mwen te fè konnen to satisfaksyon jeneral eksperyans nan transpò piblik la nan yon nivo istorik. Koute pasaje yo pral kle sikse

nou. Nou konnen sa yo vle se yon eksperyans pi vit, pi pwòp, ki pi an sekirite epi n ap travay sou sa sèlman pou fè transpò piblik la tounen chwa prensipal".

**Chèf Pwovizwa Kliyan MTA a, Gene Ribeiro, te deklare,** "Plis moun ap dekouvri OMNY epi rejwenn plizyè santèn milye Nouyòkè ki te fè li tounen peman prefere yo. Se fason ki pi rapid, pi efikas pou pasaje transpò piblik yo peye tikè yo nan metwo ak otobis yo. Dènyèman, nou te elaji sistèm tape epi pase (tap-and-go) a pou kliyan ki gen tarif redui epi nou espere plis pasaje ap pwofite fasilite peman san kontak la".

Kliyan ki gen tarif redui yo ka fè chanjman soti nan MetroCard pou pase nan OMNY sou entènèt ki byen transparan avèk asistan dijital OMNY an ki disponib 24/7 nan [OMNY.info](https://www.omny.info) - yon videyo eksplikatif pou kliyan yo ki vle pase nan OMNY kapab gade [isit la](#).

Itilizasyon OMNY ap kontinye ogmante atravè sistèm transpò piblik Vil New York la. Nan dat 15 septanm, MTA te anrejistre 500 milyonèm kat OMNY yo te pase nan Grand Central Terminal. Apre kòmansman li nan ane 2019 kòm yon faz pilòt pou piblik la, deplwaman sistèm san kontak la te fini nan mwa desanm 2020, avèk tout 472 estasyon metwo yo ak tout flòt 5,800 otobis MTA a ki ekipe kounye a avèk apeprè 15,000 lektè OMNY.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418